

Pwogram "Early Childhood" (Pwogram pou Timoun Anbazaj)



"Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) fè patenarya avèk Jackson Health System pou bay enfòmasyon sou edikasyon kalite siperyè kòmanse depi piti e make pwogram ki disponib pou fanmi yo nan kominote nou an.

Poukisa pwogram edikasyon kalite siperyè pou Timoun Anbazaj enpòtan?

- ★ Rechèch yo fè bay prèv gwo enpòtans ki genyen nan devlopman sèvo timoun nan senk premye ane lavi yo. Eksperyans ak entèraksyon timoun yo fè nan ane sa yo ede yo etabli yon fondasyon pou aprantisaj alavni.
- ★ Bon kalite siperyè pwogram aprantisaj bonè tankou sa yo nou ofri nan M-DCPS, pral akselere devlopman sèvo pitit ou a, ki devlope a 85% pousan nan laj 5 an.

Bay jèn timoun ou an yon kòmansman edikasyon kalite siperyè nan anviwoman aprantisaj M-DCPS, ap garanti devlopman ladrès sosyo-emosyonèl ak preparasyon pou yo reyisi nan lekòl e pi lwen.



Health Jackson
Children's Care



MIAMI-DADE COUNTY PUBLIC SCHOOLS
EARLY CHILDHOOD PROGRAMS
where learning begins...



@MDCPS_OECP
@MDCPS



@EARLYCHILDHOODPROGRAMS
@MIAMISCHOOLS



@MDCPSEARLYCHILDHOOD
@MIAMISCHOOLS

Ki sa M-DCPS ofri nan chak etap laj yo?



☆ M-DCPS ofri plizyè pwogram ki ankouraje aprantisaj bonè ki konsantre sou devlopman sosyo-emosyonèl, langaj ak devlopman sèvo e prepare jèn timoun yo pou lekòl.

Laj 0-2 ane | 'Early Head Start' (Lekòl pou Timoun Anbazaj) *

M-DCPS ofri pwogram sa a an patenarya avèk Miami-Dade County, gratis pou tibebe ak timoun piti depi nesans jiska 2 an pou fanmi baze sou revni yo nan kèk lekòl chwazi atravè Miami-Dade County. Fanmi yo ka aplike sou entènèt nan headstart.dadeschools.net oubyen an pèsòn nan yon nan lekòl ki ofri pwogram nan. Nou ap aksepte aplikasyon pandan tout ane a.

Laj 3 ane | 'Head Start'*

Pwogram 'Head Start' M-DCPS la ofri sèvis edikasyon sante, sèvis alimantè, ak angajman fanmi pou timoun kòmanse laj 3 an pandan yon jounen lekòl konplè. Fanmi ki elijib baze sou salè yo ka enskri sou entènèt nan headstart.dadeschools.net oubyen an pèsòn nan yon nan lekòl ki ofri pwogram sa a. Nou ap aksepte aplikasyon pandan tout ane a.

Laj 3 ane | Pwogram 'Inclusion/Reverse Mainstream'

"The Department of Early Childhood Programs" (Depatman Edikasyon Timoun Anbazaj) ofri plasman pou timoun laj 3 ane nan pwogram "Pre-K special education reverse mainstream" (retire nan kategori edikasyon klas matènèl espesyal e mete nan klas regilye) atravè distri a. Pwogram sa a ofri yon jounen opòtinite konplè, gratis pou elèv ki kalifye pou sèvi kòm modèl pou lòt elèv yo.

Laj 4 ane | Pwogram Klas Matènèl Volontè

Pwogram "Voluntary Pre-Kindergarten Program (VPK)" (Klas Matènèl Volontè) se yon pwogram edikasyonèl gratis ki kreye pou prepare timoun 4 e 5 ane pou lekòl matènèl ak devlope yon fondasyon pou siksè akademik yo. Ou ka jwenn pwogram 'VPK' M-DCPS yo nan plis pase 200 lekòl piblik atravè Miami-Dade County.

*Pwogram 'Head Start/Early Head Start' (Pwogram pou Timoun Anbazaj) yo ofri an patenarya avèk 'Miami-Dade County Community Action and Human Services (CAHSD)'.

Kiyès pou kontakte?



Pou plis enfòmasyon, vizite sit entènèt "Department of Early Childhood Programs" (Depatman Pwogram Edikasyon Timoun Anbazaj) nan <https://earlychildhood.dadeschools.net> oubyen rele nan nimewo 305-995-7632